

TEKS NARASI
DAN
TEKS DHESKRIPSI

Teks Narasi :

Yaiku teks sing isine ngandharake utawa nyeritakake kedadayan kanthi runtut utawa kronologis.

Wong sing maca teks narasi kaya-kaya ngalami dewe kedadayan sing diandharake

Struktur Teks Narasi :

- **Alur** : Urutane kedadayan
- **Paraga lan watake (penokohan)** : Sing ngalami kedadayan
- **Latar** : Waktu, papan/panggonan , lan kahanan/suasanane

Teks Dheskripsi :

Yaiku teks sing ngandharake kanthi cara nggambarake objek, panggonan utawa kedadayan kanthi rinci, nganthi sing maca rumangsa kaya nyawang utawa ngalami dewe objek sing digambarake penulis.

Struktur Teks Dheskripsi :

- **Idhentifikasi** : Objek, panggonan, utawa barang sing diandharake kanthi umum
- **Klasifikasi** : ngandharake bageyan-bageyane objek
- **Dheskripsi Bageyan** : Ngandharake bageyan-bageyan kanthi rinci

SING KUDU DIGATEKAKE NALIKA WICARA



1. Pangucap : lafal pangucape kudu fasih, bener lan becik
2. Wirama : intonasi utawa andhegan nalika maca
3. Ekspresi lan solah bawa :
Ekspresi lan solah bawa iku dasare isi lan suasana sing ana ing wacan (seneng, sedih, medeni, lsp)